

CHANJMAN EKSITAN K AP VINI NAN AVANTAJ MANJE WIC OU A POU 2026 LA!



KI NOUVOTE KI GENYEN?

PI FÒ FANMI YO PRAL WÈ MIZAJOU SOU OPSYON MANJE AK KANTITE APRE PREMÈYÈ RANDEVOU YO KI PWOGRAME ANT FEN JANVYÈ AK AVRIL 2026

POZE NITRISYONIS WIC OU A KESYON SOU OPSYON SA YO:



- **Pwason Nan Bwat Konsèrv:** Kounye a li disponib pou timoun ki pase laj 1 an ak patisipan ki ansent oubyen ki fèk fin akouche.
- **Nouvo Sereyal Konplè:** Kounye a li disponib pou tout moun ki genyen plis pase laj 1 an. Anplis de sa, ou ka itilize avantaj sa pou bejèl, briyòch, ti pen, ponmkèt anglè, ak kinowa!
- **Plis Lajan pou Fwi ak Legim:** Kounye a ou kapab chwazi boukante avantaj ji w la pou yon Avantaj Valè Kach WIC \$3 pou achte plis fwi ak legim fre, glase oswa nan bwat konsèrv.
- **Opsyon Ki Bon Pou Alèji:** Nou ajoute lòt opsyon espesyalman pou fanmi ki fè alèji ak pwodui letye, ze, oswa nwa.



CHANJMAN ENPÒTAN SOU KANTITE:

Pou fè plas pou nouvo opsyon sa yo, kantite nan kèk avantaj te chanje:

- **Sereyal Konplè:** Pral genyen yon ti rediksyon nan kantite pou timoun yo, alòske tout lòt kategori yo pral ogmante.
- **Ji:** Kantite ji yo bay la pral diminye pou pifò patisipan yo.
- **Ti Bebe:** Pake manje pou ti bebe (ki genyen mwens pase 1 lane) pral rete menm jan an.



PWOCHEN ETAP POU FANMI YO

1. **Tcheke Aplikasyon W Nan:** Sèvi ak [Aplikasyon WICShopper](#) apre pwochen randevou w la pou w gade balans avantaj ajou w la.
2. **Gade Gid la:** Revize dènye Gid Manje WIC Massachusetts la pou yon lis konplè atik apwouve.
3. **Pale Avèk Nou:** Anplwaye WIC yo la pou ede! Poze kesyon sou chanjman sa yo pandan pwochen vizit ou a pou asire w ke avantaj ou a pi byen koresponn ak sa fanmi w bezwen.

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egalego.